QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ





# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*2022- jıl yanvar-aprel* (dáslepki maǵlıwmat)



**Sanaat statistikası bólimi**
**Tel.: 61-222-75-87**

# Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaat islep shıǵarıwı

*(2022- jıl yanvar-aprel aylarında)*

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2022- jıldıń yanvar-aprel aylarında respublika kárxanaları tárepinen 5699,6 mlrd. sumlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2021- jıldıń yanvar-aprel aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi* 100,4 % ti quradı.

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaatqa tuwrı kelip, onıń jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi (85,4 %) ti quradı.

| | B | C | D | E |
|---|---|---|---|---|
| Úles | 0,3 % | 85,4 % | 13,8 % | 0,5 % |
| | *Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew* | *Islep shıǵaratuǵın sanaat* | *Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw* | *Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw.* |

## Tiykarǵı ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanaat islep shıǵarıw, FKI* % te

| | *2021- jıl* | *2022- jıl* |
|---|---|---|
| B | 10,2 % | 65,6 % |
| C | 114,5 % | 100,8 % |
| D | 136,3 % | 105,2 % |
| E | 85,9 % | 115,6 % |

* **Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi** *islep shıǵarılǵan ónimler (isler, xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.*

Jámi sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kóleminiń ósiwine tiykar bolıp, islep shıǵaratuǵın (qayta isleytuǵın) sanaattıń – 0,8 % ke, elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw – 5,2 % ke hámde suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw – 15,6 % ke ósiwine xızmet etti.

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

**2022- jıl**
**15,2 mlrd. sum**

**2021- jıl**
**13,3 mlrd. sum**

**2020- jıl**
**26,7 mlrd. sum**

**B**

**2022- jıl**
**65,6 %**

**2021- jıl**
**10,2 %**

**2020- jıl**
**20,6 %**

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew kárxanaları tárepinen 2022-jıldıń yanvar-aprel aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 15,2 mlrd. sumdı yamasa jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,3 % tin quradı.

**Jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi, % te**

**2021- jıl**
**B**
**0,2 %**

**2022- jıl**
**B**
**0,3 %**

## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

**Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda,** *% te*




| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-aprel | 2022- jıl yanvar-aprel | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| Hák tas, mıń t. | 59,3 | 86,8 | 27,5 |







| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-aprel | 2022- jıl yanvar-aprel | Ayırması, +/- |
|---|---|---|---|
| Tabiyiy gaz, mln. kub.m. | 695,2 | 485,5 | -209,7 |
| Gaz kondensatı, mıń t. | 34,2 | 26,6 | -7,6 |

## Islep shıǵaratuǵın sanaat







2022- jıldıń yanvar-aprel aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 4869,9 mlrd. sumdı yamasa jámi sanaat ónimleriniń 85,4 % tin quradı.

**2021-jıl** 85,8 %

**2022-jıl** 85,4 %

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,2 % ti (2021- jıl yanvar-aprel 1,2 %), orta-joqarı texnologiyalı – 63,6 % (68,2 %), orta-pás texnologiyalı 3,1 % (2,6 %) hám pás texnologiyalısı – 33,1 % (28,0 %) ti quradı.



*Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi – 63,7 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 96,1 %), azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 13,1 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 105,5 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 18,8 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 106,9 %), basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi – 2,4 % (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 121,8 %) quradı.*

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti

***Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda,** % te*


















2022- jıldıń yanvar-aprel aylarında islep shıǵaratuǵın sanaatta 16,9 mıń tonna paxta talası (2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 54,4 % ke ósken), 24,9 mıń tonna paxta shigiti (39,4 %), 100,6 mıń tonna portlandcement (20,7 %), 1,4 mıń tonna tazalanǵan gúrish (20,0 %), islep shıǵarılıp, joqarı ósim páti gúzetildi. Sonıń menen birge 43,4 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (7,0 %), 1244,8 mıń litr araq (9,6 %), 4,7 mıń tonna paxtadan iyirilgen jip (19,2 %) hám 2,1 mıń tonna tazalanǵan ósimlik mayı (34,2 %) islep shıǵarılıp, 2021- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti páseygenligi gúzetildi.

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-aprel | 2022- jıl yanvar-aprel | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| | | | |
| **Araq, *mıń litr 100 % li spirt*** | 1376,4 | 1244,8 | -131,6 |
| **Polietilen, *mıń t.*** | 121,7 | 101,2 | -20,5 |
| **Polipropilen, *mıń t.*** | 33,0 | 28,8 | -4,2 |
| **Jumsaq biyday hám spelta unı, *mıń t.*** | 46,7 | 43,4 | -3,3 |
| **Paxta talası, *mıń t.*** | 10,9 | 16,9 | 6,9 |
| **Ósimlik mayı (tazalanǵan), *mıń t.*** | 3,1 | 2,1 | -1,0 |

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

*2021- jıldıń yanvar-aprel ayları juwmaǵına bola ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 67,8 % ti quraǵan, fizikalıq kólemi indeksi bolsa 116,4 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-aprel aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 63,6 % ti, fizikalıq kólemi indeksi 96,4 % ti quradı, islep shıǵarıw kólemi bolsa 3097,3 mlrd. sumdı quradı.*




## Basqa metal emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-aprel aylarında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 2,0 % ti, onıń fizikalıq kólemi indeksi 117,9 % ke quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-aprel ayları juwmaǵına bola, basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 2,4 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 21,8 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 115,9 mlrd. sumdı quradı.*

## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıl yanvar-aprel aylarında azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 12,5 % ti, onıń fizikalıq kólemi indeksi 103,1 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-aprel ayları juwmaǵına kóre, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 11,8 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 6,2 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 572,7 mlrd. sumdı quradı.*



## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-aprel aylarında ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,2 % ti, onıń fizikalıq kólemi indeksi 127,0 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-aprel ayları juwmaǵına bola, ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 1,4 % ti quradı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 97,0 % ti hám islep shıǵarıw kólemi 67,3 mlrd. sumdı quradı.*




## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı




*Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında 2021- jıldıń yanvar-aprel aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 12,9 % ti quraǵan bolsa, onıń fizikalıq kólemi indeksi 119,1 % ti quraǵan.*

*Sonday-aq, 2022- jıldıń yanvar-aprel aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi 17,8 % ti quraǵan bolsa, fizikalıq kólemi indeksi 0,9 % ke ósken bolsa, islep shıǵarıw kólemi 865,9 mlrd. sumdı quradı.*

## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

*2021- jıldıń yanvar-aprel ayları juwmaǵına bola, kiyim islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 0,6 % ti, fizikalıq kólemi indeksi 109,9 % ti quraǵan bolsa, 2022- jıldıń yanvar-aprel aylarında islep shıǵaratuǵın sanaattaǵı úlesi 1,0 % ti, fizikalıq kólemi indeksi 161,0 % ti, islep shıǵarıw kólemi 47,7 mlrd. sumdı quradı.*



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı konditciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 785,3 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 13,8 % tin) quradı.

2022- jıldıń yanvar-aprel aylarında, sanaattıń usı tarmaǵında elektr energiyanı islep shıǵarıw, uzatıw hám bólistiriw, puw menen támiyinlew sistemaları hám hawanı kondiciyalaw ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 5,2 % ke óskenligi gúzetildi.




## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-aprel | 2022- jıl yanvar-aprel | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Elektroenergiya,** *mln.kVt.s* | 1666,3 | 1977,5 | 311,2 |
| **Issılıq energiyası,** *mıń gkal* | 30,9 | 26,1 | -4,8 |
| **Gaz sıyaqlı janılǵını trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler,** *mlrd. sum* | 49756,5 | 53512,1 | 3755,6 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 29,2 mlrd. sumdı (jámi islep shıǵarılǵan ónimler kóleminiń 0,5 % tin) quradı.




## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| Sanaat ónimleri | 2021- jıl yanvar-aprel | 2022- jıl yanvar-aprel | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| **Aqava suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, *mln. sum*** | 2190,6 | 2396,1 | 205,5 |
| **Qawipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, *mln. sum*** | 5073,8 | 6208,3 | 1134,5 |
| **Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler, *mln. sum*** | 17154,6 | 17810,9 | 656,3 |

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda suwǵa islew beriw hám trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler–3,8 % ke, aqava suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler– 9,4 % ke, qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler–22,4 % ke óskenligi gúzetildi.

# Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

*Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 742,6 mlrd. sumdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 92,5 % ti, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 13,0 % ti quradı.*

## Azıq-awqat ónimleri

| 2021- jıl | 2022- jıl |
|---|---|
| 66,0 % | 66,3 % |

## Aziq-awqat emes ónimler

| 2021- jıl | 2022- jıl |
|---|---|
| 34,0 % | 33,7 % |

*Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw quramında vino hám araq ónimleri hám pivo 9,0 % (2021- jıl yanvar-aprel aylar ında 7,2 %) ti quradı.*

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 18,1 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 15,7 % ti, Tórtkúl rayonı 7,7 % ti, Ellikqala rayonı 7,5 % ti, Beruniy rayonı 7,3 % ti, Shımbay rayonı 7,1 % ti hám Xojeli rayonı 7,0 % ti quradı.*

*Sonday-aq, tutınıw ónimlerin islep shıǵarılıwınıń ósim páti respublika ósim páti (92,5 %) darejesinen joqarı kórsetkish Shomanay (166,2 %), Qaraózek(164,0 %), Moynaq (116,9 %), Nókis (112,5 %), Shımbay (112,0 %), Ellikqala (109,3 %), Kegeyli (105,0 %) hámde Tórtkúl (102,5 %) rayonlarında quradı.*

## Qala hám rayonlar boyınsha tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

*Qala hám rayonlar kesiminde tutınıw ónimlerin islep shıǵarıwdıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úles Nókis qalasına tuwrı kelip, 18,1 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 15,7 % ti, Tórtkúl 7,7 % ti, Ellikqala rayonı 7,5 % ti, Beruniy rayonı 7,3 % ti, Shımbay rayonı 7,1 % ti hám Xojeli rayonı 7,0 % ti quradı.*




*679,5 mlrd. sum*
*2020- jıl*

*764,9 mlrd. sum*
*2021- jıl*

*742,6 mlrd. sum*
*2022- jıl*




Jámi sanaat islep shıǵariw kóleminde tutınıw ónimleriniń úlesi

**2020- jıl** **108,5 %**

**2021- jıl** **105,7 %**

**2022- jıl** **92,5 %**

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵariwdıń respublikadaǵı jámi kólemindegi eń joqarı úles Shomanay rayonına 14,3 % ti tuwrı kelip, sonday aq, Ellikqala rayonı 13,3 % ti, Nókis qalası 11,1 % ti, Beryniy rayonı 8,9 % ti, Xojeli rayonı 8,7 % ti, Tórtkúl rayonı 8,2 % ti hám Shımbay rayonı  7,6 % ti quradı.

*242,8* *mlrd. sum*
*2020- jıl*

*259,7* *mlrd. sum*
*2021- jıl*

*250,5* *mlrd. sum*
*2022- jıl*




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵariw kóleminde azıq-awqat emes ónimleriniń úlesi

01 2020- jıl 111,2 %

02 2021- jıl 95,6 %

03 2022- jıl 88,6 %



## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim pátí

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalasına tuwrı kelip 21,6 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 21,5 % ti, Tórtkúl rayonı 7,4 % ti, Shımbay rayonı 6,9 % ti, Beruniy rayonı 6,5 % ti, Xojeli rayonı 6,2 % ti hámde Ámiwdárya rayonı 5,3 % ti quradı.




*436,7 mlrd. sum*
*2020- jıl*

*505,2 mlrd. sum*
*2021- jıl*

*492,1 mlrd. sum*
*2022- jıl*




Jámi tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kóleminde azıq-awqat ónimleriniń úlesi

01 2020- jıl 121,6 %

02 2021- jıl 111,7 %

03 2022- jıl 95,8 %

## Qaraqalpaqstan Respublikası qala hám rayonlar kesiminde sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Respublikadaǵı sanaat islep shıǵarılıw quramında eń kóp úles Nókis qalası (Respublika sanaat islep shıǵarılıw kóleminiń 55,6 % ti), Taqıyatas (13,8 %), Tórtkúl (4,6 %), Qońırat (4,1 %), Beruniy (3,8 %), hám Ámiwdárya (3,5 %), rayonlarına tuwrı kelmekte.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

**2020- jıl** 4433,4 mlrd. sum

**2021- jıl** 5504,2 mlrd. sum

**2022- jıl** 5699,6 mlrd. sum



**2020- jıl** 103,0 %

**2021- jıl I** 109,3 %

**2022- jıl** 100,4 %

| | FKI, % te | mlrd. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 109,9 | 197,0 |
| Beruniy | 115,0 | 217,8 |
| Bozataw | 103,6 | 5,2 |
| Qanlikól | 102,6 | 128,7 |
| Qaraózek | 106,4 | 86,9 |
| Kegeyli | 103,3 | 29,9 |
| Qońırat | 104,3 | 235,2 |
| Moynaq | 110,3 | 47,1 |
| Nókis r. | 103,8 | 81,1 |
| Taqıyatas | 98,7 | 784,8 |
| Taxtakópir | 109,8 | 114,7 |
| Tórtkúl | 136,2 | 260,9 |
| Xojeli | 105,7 | 91,6 |
| Shımbay | 83,0 | 82,6 |
| Shomanay | 113,2 | 46,7 |
| Ellikqala | 95,3 | 118,0 |
| Nókis qalası | 90,2 | 3171,4 |

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (9613,9 mıń sum), Taqıyatas (10378,4 mıń sum) rayonında ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (2919,8 mıń sum) ádewir joqarılaǵanın kórsetpekte.




### Qaraqalpaqstan Respublikası

2020- jıl
2332,0 mıń sum

2021- jıl
2858,4 mıń sum

2022- jıl
2919,8 mıń sum



01 2020- jıl 101,5 %

02 2021- jıl 107,9 %

03 2022- jıl 99,0 %

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimleri islep shıǵarıwı 380,4 mıń sum bolǵanda Taqıyatas rayonında 1540,6 mıń sumdı, Taxtako'pir rayonında 793,9 mıń sumdı, Shomanay rayonında 730,2 mıń sumdı hám Shımbay rayonında 462,5 mıń sumdı quradı.

### Qaraqalpaqstan Respublikası

| | |
|---|---|
| 2020- jıl | 357,4 mıń sum |
| 2021- jıl | 397,2 mıń sum |
| 2022- jıl | 380,4 mıń sum |



| | |
|---|---|
| 2020- jıl | 106,9 % |
| 2021- jıl | 104,3 % |
| 2022- jıl | 91,2 % |

| | ósim páti | mıń. sum |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 98,3 | 202,6 |
| Beruniy | 99,4 | 273,4 |
| Bozataw | 99,9 | 190,8 |
| Qanlikól | 83,3 | 168,4 |
| Qaraózek | 162,7 | 300,0 |
| Kegeyli | 104,3 | 179,6 |
| Qońırat | 87,4 | 295,1 |
| Moynaq | 114,6 | 338,3 |
| Nókis r. | 110,7 | 222,2 |
| Taqıyatas | 93,9 | 1540,6 |
| Taxtakópir | 87,1 | 793,9 |
| Tórtkúl | 100,9 | 257,9 |
| Xojeli | 80,7 | 415,9 |
| Shımbay | 111,2 | 462,5 |
| Shomanay | 164,8 | 730,2 |
| Ellikqala | 107,5 | 338,9 |
| Nókis qalası | 64,7 | 406,7 |

## Respublikada hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

Búgingi kúnde respublikada 3206 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, sonnan 1544 (háreketlegi kárxanalar ulıwma sanınıń 48,2 %) Nókis qalasına 656 (20,5 %), Tórtkúl rayonına 313 (9,8 %), Ámiwdárya rayonına 300 (9,3 %), Beruniy rayonına 275 (8,6%) tuwrı kelmekte.




### Jańadan ashılǵan kárxanalar

2020- jıl 199 dana

2021- jıl 210 dana

2022- jıl 263 dana



### Háreketlegi kárxanalar

2020- jıl 2380 dana

2021- jıl 2962 dana

2022- jıl 3206 dana